

TOKSIKOMANI PANDAN COVID-19

Chanjman nan jan moun pran dwòg ak alkòl kapab ogmante risk ovèdòz la. Men kèk jan pou pran dwòg ak alkòl yon fason ki gen mwens danje:

Bwè yon Fason Konsyan

Siveye ki lè ak ki kantite ou bwè

Pran manje ak bwason ki pa gen alkòl

Evite mele dwòg ak alkòl

Patisipe nan aktivite ki pa santre sou bwè alkòl

Pratike Itilizasyon Dwòg San Danje epi Evite Ovèdòz

Evite pran dwòg lè ou poukont ou

Toujou gen naloksòn, ke yo rele tou Narcan, toupren pou si ou ta fè ovèdòz

Kòmanse avèk yon ti kantite epi pran li dousman

Chanjman nan tip dwòg ou pran an ak nan kantite ou pran an kapab gen konsekans sou tolerans ou epi ogmante risk fè ovèdòz la

Evite mele dwòg yo

Pa separe ak lòt moun founiti pou pran dwòg, tankou sereng oswa pip

Fè atansyon ak fentanil, yon opyoyid pisan yo jwenn nan mache dwòg la ki ogmante risk ou pou fè ovèdòz



JWENN SIPÒ KI BON POU OU A.

- Kontakte pwogram sèvis sereng nan (syringe service program, SSP) pou founiti esteril ak sèvis rediksyon danje.
- Pale avèk pwofesyonèl medikal ou a de methadone oswa buprenorphine pou tretman konsomasyon opyoyid.
- Lè ou pale ak yon moun sa gen dwa ede. NYC Well se kontak ou avèk sipò mantal gratis, konfidansyèl, disponib 24 sou 24/7 jou sou 7 nan plis pase 200 lang. Konseye fòmè yo kapab ofri ti konsèy, fè ou jwenn naloksòn ak ba ou rekòmandasyon pou swen. Rele **888-692-9355** oswa ale sou nyc.gov/nycwell pou fè konvèsasyon anliy.



POU PLIS ENFÒMASYON:

Pou enfòmasyon sou pwogram sèvis sereng yo nan Vil New York, ale sou nyc.gov/health epi chèche “syringe services” (sèvis sereng).

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19 ak kote pou w pran vaksen ale sou nyc.gov/health/coronavirus.

Rele liy èd sou COVID-19 la nan **212-268-4319** pou jwenn dènye enfòmasyon yo, jwenn kote yo fè tès COVID-19 epi jwenn repons kesyon yo nan men espesyalis.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolue. 4.21.21